

**TINTINGAN STRUKTURAL MITOS NYI RARA KIDUL
ING DESA NGLBENG KECAMATAN PANGGUL
KABUPATEN TRENGGALEK**

JURNAL



DENING
NURUDIN AGUS KURNIAWAN
082114240

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
2013**

**TINTINGAN STRUKTURAL MITOS NYI RARA KIDUL
ING DESA NGLBENG KECAMATAN PANGGUL
KABUPATEN TRENGGALEK**

NURUDIN AGUS KURNIAWAN

(082114240)

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

nurudinagus@gmail.com

Abstrak

Mitos yaiku bab kang dianggep dening pangugeme minangka sawijine piwates tumindak kang bisa ndadekake kacilakan. Senajan mung sarana lesan, nyatane mitos bisa kajaga nganti saiki, jaman kang sarwa modern. Mitos kang wis ana ing pirang-pirang wewengkon ngenani mitos apa wae ora bakal cures, malah bisa nuwuhake mitos kang anyar. Kapercayan marang mitos mujudake sawijining wujud kabudayan kang nuduhake pamawase masyarakat tradhisional. Sajrone panliten ngenani mitos Nyi Rara Kidul, andharandhata saka panliten lan jlentrehandhataasilingsanpanlitennggunakaketintinganStrukturalisme. Dhata saka panlitenikibakalngandharakewujudemitosNyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek. KahananemitosNyi Rara Kidul ing desa Nglebeng diperangdaditeluyaiuku, (1)ragam lan wujud mitos, (2) wektu anane sirikan lan paraga kang nuwuhake sirikan lan wektu dumadine mitos.Rong perkara kuwi bakal diandharake kanggo ngudhar bab-bab kang wigati sajroning kapercayane bebrayan Nglebeng marang mitos Nyi Rara Kidul.

Tujuan panliten yaikumangerteniwujud mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek. Tujuan sing kapindho yaiku njlentrehakestruktur kapercayan masyarakat ngenani mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek. Ing panliten iki panliti nggawe telung metodhe pangumpulan dhata yaiku wawancara, rekam, cathet.

JlentrehanpanlitenkanthitintinganStrukturalisme Levis-Strauss nganggep mitos kaya dene basa kang manggon ana rong wektu. Sepisan, andharan kang ana ing gatra sadurunge nuduhake yen mitos kang wus karipta kuwi minangka bab kang dianggep sakral lan kalaksanan ing wektu kang wis kapungkur. Kapindho, mitosugabisanuduhake ananepola-polarelasikangisihanangantisaiki.Tegeserelasiing kene yaikuanane sesambungan lan orabisauwalsakapanguripanemanungsasenanjamanwissayamaju.Mitos-mitos kang wis sumebar ora dimangerteni sapa kang nuwuhake mitos kasebut, lan bisa diarani duwe sipat *anonim*. Analisis strukturalisme Levi-Strauss nggoleki struktur-struktur kang beda-beda nganut mitos kang diteliti. Mula, analisisstrukturalismesajronemitos Nyi Rara Kidulingdesa Nglebengikiadhedhasarmarang pitungwilahanteoristruktural Levi-Straussyaiuku, (1) *sistem politik mitos*, (2) *sistem sosial mitos*, (3) *sistemekonomi*, (4) *sistemregulasisisosial*, (5) *resepsikritis* (6) *sistemproyeksi*, lan (7) *sistem relasi*.

Abstrak

Mitos yaitu hal yang dianggap masyarakat pendukungnya sebagai batasan melakukan suatu kegiatan atau tindakan yang bisa menimbulkan malapetaka. Walaupun hanya dengan cara lisan, tetapi kenyataannya mitos bisa terjaga (lestari) hingga saat ini, jaman yang serba modern. Mitos-mitos yang sudah ada di berbagai daerah dengan mitos tentang segala hal tidak akan hilang, malah bisa-bisa memunculkan mitos yang baru. Kepercayaan terhadap mitos mewujudkan suatu bentuk kebudayaan yang menyebutkan masyarakat tradisional sebagai pendukungnya. Dalam penelitian mengenai mitos Nyi Rara Kidul dapat ditemukan pemaparan dhata yang diperoleh dari penelitian dan analisis dhata hasil penelitian dengan kajian strukturalisme.

Pemaparan dhata hasil penelitian ini menerangkan wujud mitos Nyi Rara Kidul di desa Nglebeng, Kecamatan Panggul, Kabupaten Trenggalek. Mitos Nyi Rara Kidul di desa Nglebeng bisa dipecah menjadi tiga bagian, yaitu, (1) ragam mitos, (2) wujud mitos, (3) waktu munculnya mitos dan siapa yang memunculkan mitos. Tiga bab tersebut akan dipaparkan untuk mengungkap hal-hal yang penting didalam kepercayaan masyarakat desa Nglebeng kepada Nyi Rara Kidul.

Tujuan dari penelitian ini adalah mengetahui mitos Nyi Rara Kidul di desa ngebleng Kecamatan Panggul Kabupaten Trenggalek. Tujuan yang kedua yaitu mengetahui struktur kepercayaan masyarakat mengenai mitos Nyi Rara Kidul di desa ngebleng Kecamatan Panggul Kabupaten Trenggalek. Penelitian ini menggunakan tiga metode pengumpulan data yaitu wawancara, rekam dan catat.

Analisis data hasil penelitian dengan kajian Strukturalisme Levis-Strauss menganggap mitos seperti bahasa yang berada di dua tataran waktu. Pertama, mitos-mitos yang sudah muncul sebagai bab yang dianggap sakral dan terlaksana di waktu lampau. Kedua, mitos juga bisa mewujudkan adanya pola-pola relasi yang masih ada hingga saat ini. Relasi di penelitian ini adalah adanya hubungan dan tidak bisa lepas dari kehidupan manusia walaupun jaman sudah semakin maju. Mitos-mitos yang sudah menyebar tidak ada yang tau siapa orang yang memunculkannya, dan bisa disebutkan bahwa mitos memiliki sifat anonim. Analisis strukturalisme Levi-Strauss mencari struktur-struktur yang berbeda-beda tergantung mitos yang diteliti. Jadi, analisis strukturalisme dalam mitos Nyi Rara Kidul di desa Ngebleng berdasarkan pada tujuh bagian teori struktural Levi-Strauss yaitu, (1) sistem politik, (2) sistem sosial, (3) sistem ekonomi, (4) sistem regulasi sosial, (5) resepsi kritis (6) sistem proyeksi, dan (7) sistem relasi.

PURWAKA

Masyarakat Jawa lumrahe isih ngugemi anane gugon tuhon. Anggepan lan kapercayan kasebut ana lan kaya-kaya ora bisa uwal saka panguripane masyarakat Jawa. Mitos-mitos saka leluhur ngantisaiki isih sumebar ing tlatah Jawa awit saka klompok masyarakat sing pamikire isih tradhisional, nganti ing jaman modern kaya saiki, nyatane isih akeh masyarakat kang percaya anane mitos. Mitos minangka salah sawijine bab kang menehi paugeran urip, menehi piwates marang tumindak kanggo murih tujuwan tartamtu sajroning panguripane manungsa. Paugeran lan tujuwan pangugeme mitos kasebut nduweni fungsi-fungsi tartamtu.

Mitos pancen ora bisa uwal saka panguripan sabendina, mligine kanggo masyarakat Jawa kang isih nguri-uri kabudayane. Panguri-uri kasebut bisa nuntun lakune manungsa supaya bisa nggayuh apa kang dadi tujuwan tartamtu tumrap pangugem mitos. Mitos sumebar lumantar lesan sing turun-tumurun saka pawongan siji marang pawongan liya. Levi-Strauss (sajrone Mudjistrisno, 2005: 137) ngandharake yen mitos iku kaya dene basa yaiku piranti kanggo komunikasi tumrap pawongan siji marang pawongan liyane. Semono uga mitos, mitos uga ngandhut makna-makna sajrone wujud crita. Mitos uga nduweni rong jinis yaiku, sepisan mitos nuduhake kedadeyan ing jaman biyen, kaping pindhane mitos uga bias nuduhake pola-pola relasi sing isih ana nganti tekan saiki.

Mitos ing wewengkon pesisir kidul Pulo Jawa, mligine ing pesisir Konang desa Ngebleng, kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek sing sumebar kanthi cara lisan. Masyarakat desa Ngebleng kang manggon ana ing gisik kidul uga isih ngugemi anane mitos. Mitos kang isih diugemi yaiku mitos kang sesambungan klawan Nyi Rara Kidul, kamangka pakaryan masyarakat desa kang manggon ing wilayah gisik Konang akeh kang dadi nelayan (*jurakan*). Masyarakat desa Ngebleng ngugemi kapercayan, yaiku yen ana wong kang nerak sirikan kang sesambungan klawan Nyi Rara Kidul bakal nampawad saka tumindake.

Mitos Nyi Rara Kidul iki dipercaya dening masyarakat desa Ngebleng kairing anane kapercayan

tumrap bab-bab kang isih ana sambung rapete, yaiku anane adicara slametan, pesugihan, lan walad-walad kang bisa kedaden yen nerak sirikan. Mitos sirikan iki wis diugemi dening masyarakat desa Ngebleng wiwit pamikire masyarakat desa Ngebleng isih tradhisional tumekane saiki kang pamikire masyarakat wis kagolong modern kairing lumakune wektu. Kabukten saka tumindake masyarakat ing desa Ngebleng kang ora wani adus ing segara, ora kena sesumbar, lan ora kena nganggo klambi ijo.

Adhedhasar andharan kasebut, kapercayan marang mitos uga ana sajro ning panguripane masyarakat Desa Ngebleng. Masyarakat Desa Ngebleng nduweni pamikiran utawa kapercayan, yen Nyi Rara Kidul minangka makhluk kang bisa ndadekake cilakane manungsa. Kapercayan masyarakat Desa Ngebleng marang mitos Nyi Rara Kidul, ora uwal saka anane struktur kang njalari tuwuhe mitos kasebut. Nyi Rara Kidul yaiku paraga kang misuwur critane ing wewengkon pesisir kidul minangka pandhegane segara kidul. Crita ngenani Nyi Rara Kidul ing desa Ngebleng mung dimangerteni pawongan kang cacahé mung saithik ing perangan masyarakat.

Bab kang kaya mangkono mau narik kawigaten kanggo diteliti, utamane kaya ngapa kahanan lan kasunyatan mitos Nyi Rara Kidul ing desa Ngebleng lan kepriye struktur pamikire masyarakat desa Ngebleng tumrap anane mitos kasebut. Crita ngenani Nyi Rara Kidul minangka sejarah ing tanah Jawa sing misuwur. Minangka tuladhane, ritual labuhan segara kidul dianggep wigati banget tumrap Kraton Ngayogyakarta. Sesajen sing dicawisake ditujukake kanggo Kanjeng Ratu Kidul (Nyi Rara Kidul). Adicara ritual kang kelaksanan ing Parangkusumo supaya tansah pinaringan slamet lan tentrem. Panliten ngenani struktur mitos Nyi Rara Kidul kanthi analisis struktural iki dikarepake bisa dadi tambahe kawruh mligine kanggo panliten ngenani mitos.

Panemu liya kang saemper yaiku panemu kang diandharake dening Sukatman (2011:1) kang isine mitos kedaden saka basa Yunani *muthos*; *mythos* kang ateges sawijining bab kang diuntabake, bab kang diucapake, kayadene crita. Kanthi cara jangkep mitos yaiku crita kang asipat *simbolik* lan dianggep sakral kang nyiritake

sawenehe crita nyata apadene crita kang sipate *imajiner* kang ngandhut crita ngenani asal-usul lan owah-owahane jagad raya lan donya, para Dewa, kadigdayan *supranatural*, satriya, manungsa lan bebrayan agung (*masyarakat*) tartamtu kang duweni *fungsi* kanggo (a) nerusake lan nguri-uri kabudayan supaya bisa selaras, (b) nyuguhake pitutur-pitutur urip, (c) ngesahake *aktivitas* budaya, (d) menehi makna urip manungsa, lan (e) menehi kawruh kanggo njlentrehake bab-bab kang ora bisa dinalar lan *pelik*.

Levi-Strauss (sajroning Koentjaraningrat, 1987:235-236) negesake yen *strukturalisme* yaiku sistem paseduluran, organisasi sosial, upacara keagamaan lan pakaryan, utawa luwih trepe cara pamikiran simbolik saka akal manungsa sajroning hubungan paseduluran lan sajrone mitologi. Ing kene pamikire manungsa dianggep *elementer* lan saka iku asipat umum. Mula saka iku panliti bisa mangerteni kanthi *caradeduktif* data ngenani pasrawungan manungsa sajroning kasunyatan urip bebrayan. Sajroning bab iki, Levi luwih tumuju marang mitos. Saben-saben mitos minangka asil panata ulang, *substitusi*, lan *permutasi logis* saka *unsur-unsur* mitos iku dhewe. Marga mitos bisa tuwuh makaping-kaping ing ndonya iki.

Levi-Strauss, (2007:282-284) njlentrehake dhasar-dhasar analisis *struktural* marang wujud apa wae, yaiku (1) *sistem ekonomi*, (2) *sistem regulasi sosial*, (3) *resepsi kritis* (4) *sistem proyeksi*.

TATACARA PANLITEN

Panliten ngenani mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng, kecamatan Panggul, Trenggalek nggunakake panliten *dheskriptif kualitatif*. Miturut Moleong (2002:5) panliten kualitatif yaiku panliten kang nliti lan ngasilake dhata *deskriptif* kang arupa omongan lesan saka pawongan lan tindak tanduk sing bisa dideleng.

Sudikan (2001:85) ngandharake metode *dheskriptif kualitatif* yaiku metode kang nggunakake cara nyathet kanthi njlimet lan tliti sakabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca saka asil wawancara, video, rekaman, dokumen lan sapanunggalane.

Metode *dheskriptif* nduweni sipat-sipat tartamtu yaiku; (1) mecahake perkara sing ana ing jaman saiki, yaiku perkara kang asipat aktual, lan (2) dhata kang dikumpulake kanthi cara disusun, dijlentrehake, banjur dianalisis, (Winarno, 1989:740). Kanthi metode iki panliten bisa njlentrehake sakabehane perkara-perkara sing ana gayutane karo mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng, Kecamatan Panggul, Kabupaten Trenggalek.

Strukturalisme minangka sawijine pamikiran filsafat kang nduweni punjer pamikir saka sakabehe masyarakat lan kabudayan nduweni sawijine struktur sing padha lan ora isa owah. Ciri khas *strukturalisme* yaiku minangka punjer saka deskripsi kahanan aktual objek kanthi cara nliti lan nguntab sipat-sipat *instrinsike* kan ora kaiket denign wektu lan panetepe gayutan antarane kanyatan utawa unsur-unsur sistem kasebut kanthi sarana pendhidhikan. *Strukturalisme* nguntab lan nggambarake struktur kang dadi punjer saka sawijining objek

(*hirarkine*, minangka timbal balik antara unsur-unsur ing saben tataran). (Bagus, 1996: 1040)

Sumber dhata yaiku subjek utawa sumber dhata kang dijupuk saka papan panliten (Arikunto, 2006: 129). Sumber dhata bisa diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan sumber dhata *sekunder*. Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata kang mligi kang ana sajrone panliten iku dhewe, lan panliten *kualitatif* iku sumber dhatane yaiku kepriye strukturmitos Nyi Rara Kidul ing masyarakat panyengkuyunge. Sumber dhata *sekunder* yaiku sumber dhata tambahan sajrone panliten sarana panyengkuyung saka sumber dhata *primer*. Tuladhane kang awujud rekaman, *dhokumentasi*, lan sapanunggalane.

Dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian, (Moeliono, 1989:187). Panliten ing adicara tradhisi mojikidhatane arupa dhata lisan lan dhata *kebendaan*. Dhata lisan arupa informasi lisan saka informan landhata *kebendaan* arupa *dhokumentasi* papan-papan kang disiriki.

Dhata ing kene kalebu bab kang wigati nalika nindakake panliten. Anane dhata bisa dadi bahan kang bakal luwih ditengenake nalika nindakake sawijining panliten. Ana telung bab kang kudu digatekake nalika nitingi babagan dhata ing sajrone panliten, yaiku: 1) *perspektif*, 2) *tekstualisasi*, lan 3) wujud makna (Maryaeni, 2005: 60). Cundhuk klawan andharan kasebut kudu ana perangan olah basa tumrap dhata-dhata kang lisan lan tinulis supaya mujudake *perspektif* kang luwih cetha.

Bahan utama ngenani upacara adat kang bakal diandharake bisa diperang dadi loro, yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Dhata-dhata kasebut bisa diasilake kanthi ngamati, wawancara, landhokumentasi. Dhata kang utama yaiku *informasi* saka *informan* kang kalebu wasis lan luwih mangerteni ngenani mitos kasebut. Dhata tambahan kang ana ing sajrone panliten arupa buku-buku ngenani mitoslan *foto-foto* *dhokumentasi* kang bisa kanggo nguwatake anane mitos kasebut.

Para informan kang diwawancarai kasebut uga nduweni panthokan antarane yaiku 1) pawongan kang nduweni gegayutan lelakone dhewe tumrap masalah kang ditliti, 2) umur pawongan kasebut wis dewasa, 3) pawongan kasebut sehat jasmani lan rohani, 4) pawongan kasebut asipat *netral*, 5) pawongan kasebut minangka tokoh masyarakat, 6) pawongan kasebut nduweni kawasisan kang amba ngenani prakara kang ditliti, lan liya-liyane (Sudikan, 2001: 91).

Metode utawa tata cara kanggo nglumpukake dhata kang digunakake nalika panliten yaiku:

- (1) Wawancara, miturut Sudikan (2001:90) wawancara yaiku tatacara nglumpukake katrangan utawa dhata ngenani panguripane manungsa ing urip bebrayan. Tujuwan saka wawancara yaiku supaya antuk dhata kanthi langsung saka narasumber utawa *informan*.
- (2) Rekam yaiku tipet utawa *kesan* saka samubarang kang wis diucapake utawa ditulis (Poerwadarminta, 1984:1187).
- (3) Cathetan yaiku wujud asile tulisan tumrap samubarang kang dianggep wigati lan minangka pangeling-eling (Poerwadarminta, 1984:264).

Tata cara pangolahing dhata minangka sawijine cara sajrone nindakake panliten amrih antuk asil kang bener lan selaras karo tujuwan kang dikarepake ing panliten. Teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis dhata. Analisis dhata kualitatif Adhedhasar pamawas kasebut, mula cara analisis dhata kang ditindakake ing panliten iki yaiku,

- (1) *Transkrip* dhata, yaiku ngolah dhata lesan menyang dhata tulis.
- (2) *Verifikasi* dhata, yaiku dhata kang ana sajrone panliten sawise *ditranskrip* banjur dipilih lan dipilah kanthi tliti lan dicocogake karo jinis-jinis kang dadi sasaran.
- (3) *IdentifikaslanKondifikasi* dhata, yaiku panggolongan dhata adhedhasar kategori perkara kang ana ing panliten.
- (4) *Penafsiran* utawa nerka dhata. *Penafsiran* ngenani dhata bisa ditegesi asil kang pungkasan saka proses panliten.

Tata cara ngandharake asil analisis dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara *informal*, yaiku ngandharake analisis dhata kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah. Andharan asiling panliten kasebut ditulis kanthi urutan ing ngisor iki.

- 1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngemu sub bab ing antarane yaiku landhesane panliten, punjere panliten, tujuwan panliten, paedahe panliten, wewatesane panliten lan tegese tetembungan.
- 2) Bab II minangka tintingan kapustakan kang ngemu sub bab ing antarane yaiku panliten ngenani mitos, lan konsep-konsep kang gegayutan karo panliten kang ditindakake
- 3) Bab III minangka metodhe panliten kang ngemu sub bab ing antarane ancangan panliten, sumber dhata, tata cara nglumpukake dhata, tata cara pangolahing dhata, lan prosedur panliten.
- 4) Bab IV isine ngenani andharan asiling panliten ngenani ragam lan wujud mitos adhedhasar dhata, banjur dijlentrehake nggunakake teori struktural.
- 5) Bab V minangka panutup kang isine ngenani dudutan lan pamrayoga saka sakabehe andharan asiling panliten.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

A. Andharan dhata saka Panliten

Andharan dhata saka panliten iki bakal ngandharake wujud mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek. Kahanane mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng dipirang dadi telu yaiku, (1)ragame mitos, (2) wujud

mitos, (3) wektu anane sirikan lanparaga kang nuwuhake sirikan lan wektu dumadine mitos.Telung perkara kuwi bakal diandharake kanggo ngudhar bab-bab kang wigati sajroning kapercayane bebrayan Nglebeng marang mitos Nyi Rara Kidul.

1. Ragam lan Wujude Mitos

Mitos ngenani Nyi Rara Kidul kang ana ing desa Nglebeng bisa diarani nuwuhake perangan-perangan mitos kang isih sesambungan klawan mitos Nyi Rara Kidul. NyiRara Kidul kang dipercaya minangka pandhega ing wewengkon segara Kiduljebul ora mung nuwuhake mitos tunggal, ananging nuwuhake maneka warna mitos. Mitos-mitos kang isih ana sambung rapete klawan mitos Nyi Rara Kidul yaiku, (1) mitos sirikan,(2) mitos ritual, lan (3) gugon tuhon.

a) Mitos Sirikan

Mitos sirikan kang ana ing desa Nglebeng wujud maneka warna, tuladhane yaiku sirikan nganggo klambi ijo, sirikan njegur ing segara, sirikan ngucap panentang ing segara, lan sirikan njupuk isene segara. Sirikan-sirikan kang tuwuh ing desa Nglebeng nuduhake anane tumindak kang asipat kosok balen klawan bebrayan ing desa Nglebeng, amarga akeh-akehe para wargane makarya dadi jurakan (nelayan). Bisa diarani yen para jurakan wis wani tumindak nerak sawernane sirikan yaiku wani njegur ing segara lan wani njupuk isene segara kang arupa asil njaringe. Miturut kapercayane bebrayandes Nglebeng, sapa wwae kang wani nerak sawernane sirikan mau dipercaya bakal nampa walat utawa resiko saka tumindake.

Andharan sadurunge cundhuk klawan apa kang didhawuhake dening mbah Kanipan, kang katulis ing cuplikan dhata ing ngisor iki.

Sapa wae sing ngembah banyu segara isa-isa temu pengapesane. Apa maneh kok meksa njegur ning segara tanpa nggatekne omongane wong sing luwih ngerti isa kalab, nek kalab biasane ya bablas mati lo nak. Kadhang mayite ora ditemokake lan isa ditemokake, ananging mayite ya wis bosok. (Kanipan, 07 Juni 2012)

Apa wae kang dipercaya lan diugemi dening bebrayan ora bisa yen diilangake saka panguripan sabendinane. Kahanan mau minangka pasarujukan kang tanpa disadhari banjur tinular kanthi turun-tumurun lan nuwuhake paugeran-paugeran sajrone panguripane bebrayandes Nglebeng. Paugeran iku mau wis ana jaman simbah-simbah biyen sing ora kena dipesthekake kapan wiwitane. Sing mesthi kahanan mau bisa ana nalikane ana owah-owahan kahanan sajroning bebrayan, utamane ing wewengkon pesisir Kidul.

Tumindak nyiriki Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng iki ditulis kaya asil dhata kang dijupuk saka informan kang bisa dipercaya, sapa pawonganlan kapan wektu pawongan bisa nerak apa sing wis dadi sirikan ora bisa dipesthekake. Akeh-akehe tuturan saka bebrayan desa Nglebeng

percaya yen kapan wwae wong Kidul ngarepake mesthi bakale ya kenek cilaka. Kedadeyan-kedadeyan kaya ngono kuwi kang disiriki dening bebrayan desa Nglebeng, amarga yen wis kalab, nyawang kaya kedadeyan-kedadeyan kang wis kepungkur arang banget kang bisa slamet saka bebaya. Mula, bebrayan desa Nglebeng akeh-akehe ya nyiriki Nyiriki Nyi Rara Kidul merga bab-bab kang dianggep bisa ndadekake cilaka, kayata ora oleh njegur segara, merga bisa ndadekake kalab.

Andharan ngenani walat kang wis kabukten kasunyatan ya diweruhi dening para bebrayan desa Nglebeng cundhuk klawan andharan sadurunge. Cundhuk klawan apa kang didhawuhake dening Mbah Kanipan.

“Pas taun 2010 wektu lulusan SMP enek bocah sing dolan ning konang. Sagrombolane enek bocah papat, lanang kabeh saka Pule, sing telu njegur ning segara terus sing sijine cangkrukan ning warung kopi. Jam loroan wektu kuwi aku diceluk wong njaring, dikabari lek enek bocah kalab. Lha untunge sing kalab ming bocah siji. Nanging ya piye eneh, jenenge wis kadhung kalab ya angel lek arep ditulungi. Nganti meh maghrib, jasade lagi isa ketemu, merga mayite wis ngambang terus, klambine ya wis suwek-suwek gek ya awake bundhas-bundhas, merga ketemune ya ning ngisor pereng sih etan kwae lo nak.” (Kanipan, 07 Juni 2012)

Mitos pancen wis dadi bab kang asipat sumudana lan ora bisa dipikir kanthi nalar. Kang wigati lan perlu dimangerteni yaiku kabeh wis manut garising urip kang tumitah dening Gusti kang Maha Agung. Mitos kang sumebar ing desa Nglebeng bisa dimangerteni yen sirikan njegur ing segara Konang minangka sarana supaya ora tumindak kang sembrana.

b) Mitos ritual

Mitos ritual kang ana sesambungane klawan Nyi Rara Kidul yaiku awujud pesugihan lan parewangan kang tuwuh ing desa Nglebeng. Senajan mitos pesugihan iki mung dimangerti dening sacuplik warga ing desa Nglebeng, ananging saka sakehe wong kang njaluk pesugihan kasebut saka wewengkon liya. Mitos pesugihan kang tuwuh ana ing desa Nglebeng wis kabukten kaya asile wawancara saka Pak Suparno kang diandharake ana ing ngisor.

.....karena banyak juga orang yang dhatang kesini dhatang ke kuncennya, Mbah Kanipan meminta supaya diberi tambahan rejeki kepada Ratu Kidul itu saya belum pernah melihat ada orang yang merasa dikecewakan.....

Mitos pesugihan Nyi Rara Kidul minangka bab kang nuduhake yen Nyi Rara Kidul ora mung dimangerteni minangka paraga kang bisa nekakake kacilakan, ananging miturut wong-wong kang sarujuk, uga minangka sarana mbiyantu golek tambahe rejeki.

Miturut akeh-akehe wong kang ngerti babagan pesugihan Nyi Rara Kidul, yen ta njaluk tambahe rejeki ya gumantung saka sarengat (syarat) kang digawa wong kang nduweni kajad.

Kaya crita Nyi Rara Kidul ing Kraton Ngayogyakarta kang miturut sejarane Kanjeng Ratu Kidul nduweni sesambungan klawan para Raja Mataram, lan nguwatake pamrentahane para Sultan ing Kraton Ngayogyakarta. Kanjeng Ratu Kidul njanjeni bakal njaga Panembahan Senopati minangka asal-usul Kraton Mataram lan sakabehe keturunan Raja upama nemahi kecingkrangan.

c) Mitos gugon tuhon

Bab kang uga perlu dimangerteni yaiku, yen meruhi pakaryane bebrayan desa Nglebeng kang mayoritas dadi jurakan (nelayan) mesthi wwae kudu njegur segara, ananging nganti saiki ya durung ana kabar kang nuduhake yen ana jurakan (nelayan) kang kalab. Mbah Kanipan ngandharake yen bebrayan desa Nglebeng ora mung sukur njaring, ananging ana sarengate. Sarengat (syarat) kang kudu ditindakake dening para jurakan yaiku slametan setaun sepisan kang dianakake saben Sura tanggal sepisan.

Sesembahan iki dipercaya dening bebrayan desa Nglebeng minangka sarana kanggo nyukupi kabutuhan sabendinane. Kabeh kuwi ditindakake kanggo nuduhake rasa sukur marang Gusti amarga yen asile njaring akeh, bisa kanggo nyukupi anggane golek pangan. Saliyane nuduhake rasa syukure marang Gusti, nindakake tradhisi mojoki uga minangka ngormati Nyi Rara Kidul kang dipercaya bebrayan minangka Pandhega ing Segara Kidul, kaya andharan ing ngisor iki..

“wong nek perkara dieneke slametan kuwi nggonno ya kanggo ngormati Wong Kidul. Ibarate awake dhewe mung njupuk duweke Wong Kidul, pungkasan ya kudu menehi ijol lo nak. Nek sampek ora ngenekne slametan setaun wae ya kira-kira cupet sandhang pangane lo nak, tur nek saba segara isa-isa ya kalab.” (Mbah Kanipan, 07 Juni 2012)

2. Wektu anane sirikan lan paraga kang nuwuhake mitos

Miturut sakabehe informan, sapa paraga lan kapan wektu tuwuhemitos mau ora bisa dipesthekake merga sing cetha merga anane tuturan saka wong tuwa biyen kang terus digethok tularake nganti tekan saiki. Nanging bisa diarani yen sing netepake wewaler utawa kapercayan mau yaiku kabeh bebrayan desa Nglebeng wiwit wong-wong ing jaman biyen. Wong-wong ing kono tegese pasarujukan kang dianggep minangka wewaler salah sijining kapercayan. Wong-wong uga bisa ateges lembaga utawa klompok kang nduweni tujuwan liya, nanging supaya gampang kasembadan apa kang dadi gegayuhane banjur nggunakake kapercayan lokal minangka dalan. Wong-

wong iku yaiku para leluhur utawa simbah buyute warga desa Nglebengkang luwih dhisik nduweni kapercayan ngenani mitos-mitos kang sumebar ing wewengkon segara Konang. Banjur, kapercayan mau turun-tumurun dipercaya jalaran ana rasa pangiket batin kang kuwat saka pitutur wong kang luwih tuwa. Kaya dene kang didhawuhake dening Pak Hariyanto yaiku,

Wah, aku ya ora paham mas, wong kuwi ngono ya wis enek kawit biyen kok. Ning dak kira ya isa wwae ta upama sing nggawe mbah buyute dhewe ben wong-wong njaba ora wani nyedhak neng segara supaya isa njaga segara, gek ya supaya asile laut ora enek sing wani njupuk kejaba wong desa kene. Kuwi ngono pendapatku mas, ya gene kaya gunung tanggung kwae sing arep dijupuki marmere akhire ya ora sida, jarene merga enek barang alus sing mbaureksa neng kono. (Hariyanto, 17 Juni 2012)

Andharan kang swaemper ngenani tuwuhe mitos-mitos ngenani Nyi Rara Kidul kang sumebar ing wewengkon desa Nglebeng sabanjure yaiku asil wawancara saka Pak Suparno kang diandharake ing ngisor iki.

.....Kepercayaan itu sudah ada dari dulu, dan memang perkataan dari orang tua dulu tidak pernah dianggap mengada ada....

Adhedhasar andharan kasebut, sapa paraga kang nuwuhake lan kapan wektu panetepane mitos-mitos kang ana sesambungane klawan Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kecamatan Panggul kabupaten Trenggalek asipat anonim (ora dimangerteni sapa pengarang). Kabeh mau dipercaya wis ana wiwit jaman mbah buyut biyen lan nganti tekan saiki isih diugemi dening bebrayan panyengkuyunge. Kabeh wewaler utawa pasarujukan mau ngrembaka lumatar tradhisi lisan kanthi turun-tumurun.

B. Jlentrehan dhata asiling panliten kanthi tintingan Strukturalisme

1. Sistem Politik Mitos

Sistem politik sajrone mitos Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng yaiku minangka fungsi kang tuwuh sawise mitos kasebut kabukten ing bebrayan pangugeme. Ing desa Nglebeng minangka bebrayan kang nduweni lan ngugemi mitos-mitos kang isih ana sambung rapete klawan Nyi Rara Kidul tuwuh omongan yen Nyi Rara Kidul bisa menehi parewangan. Mitos minangka bab kang ora bisa uwal saka politik, semono uga politik ora bisa uwal saka anane mitos. Bab kasebut nuduhake yen mitos nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget mligine kanggo bebrayan pangugeme.

Sistem politik sajrone mitos Nyi Rara Kidul sesambungane klawan mitos sirikan njegur ing segara lan njupuk asil saka segara. Saka dhata kang wis kajupuk, bisa diarani yen tuwuhe mitos sirikan ora oleh njegur ing segara bisa uga dadi tumindak politik saka pawongan

kang isih ana sesambungane klawan papan punjere mitos sirikan kasebut. Kaya cuplikan saka asil wawancara kang diaturake dening mas Imam Asrofi.

....nanging isa sing munculne mitos kuwi nelayan dhewe, ben ora enek sing wani ngganggu gawene nelayan....

Saka asil wawancara ing ndhuwur bisa diarani yen mitos sirikan ing desa Nglebeng isih sesambungan klawan anane tumindak pengin njaga segara minangka papan pangupajiwane bebrayan ing desa Nglebeng. Andharan dhata kasebut bisa negesake yen mitos kasebut ngandhut tumindak politik senajan bisa wwae ditindakake kanthi ora langsung utawa kanthi ora sengaja.

Mitos minangka sistem politik kang ana ing desa Nglebeng kang liyane yaiku sesambungan klawan pamrentahan. Dipercaya yen Nyi Rara Kidul bisa mujudake apa kang dadi pepinginane manungsa. Tuladhane yaiku calon Kepala Desa kang katone ora ana kang gelem milih, ananging nyatane bisa dadi lan ngalahake calon-calon Kades liyane kanthi bandhingan cacah pamilih kang akeh banget. Bab kasebut nuwuhake omongan-omongan yen calon Kades kang kapilih bisa dadi merga parewangan saka Kidul (Nyi Rara Kidul) kang akhire akeh-akeh bebrayan desa Nglebeng nganggep wong kasebut minangka wong kang sekti lan ana kang mbiyantu, yaiku Nyi Rara Kidul. Bab kasebut ndayani tumrap pamrentahane Kepala Desa kang nguwatake pamrentahane. Senajan mitos kasebut ora disengkuyung dening wong kang dianggep njaluk parewangan dhewe, ananging wong-wong kang nganggep yen Kades kasebut njaluk parewangane Nyi Rara Kidul kang ndayani tumrap pamikire wong kang dicritani.

Saka andharan sadurunge, kena disipati yen mitos minangka budaya pikire manungsa lan minangka tradhisi lesan nduweni daya kang gedhe banget tumrap bebrayan kang nampa crita kasebut.

2. Sistem Sosial Mitos

Sistem sosial yaiku minangka bab kang magepokan klawan tumindak sosial kang kawujudake dening anane mitos gugon tuhon kang awujud slametan. Ing desa Nglebeng slametan katindakake wayah sasi Sura tanggal sepisan kang manggon ing gisik segara Konang, merga pangupajiwane masyarakat desa Nglebeng kang mayoritas minangka jurakan. Slametan kasebut minangka tumindak kang murih pangajab supaya bisa ngudi keslametane para jurakan, nuduhake rasa sukur marang Gusti amarga yen asile njaring akeh, saenngga bisa kanggo nyukupi anggane golek pangan.

Yen disawang saka tindak sosial-bebrayane, adicara slametan kasebut kanthi cara kang ora langsung nduweni fungsi minangka sarana sosial, ing antarane yaiku nuduhake anane suwasana guyub rukun antarane bebrayan, padha aweh pambiyantu (gugur gunung) ing adicara slametan, lan minangka kendali sosial. Bab iki bisa dideleng saka tumindak panyengkuyung adicara kasebut saka tata rakit, tata laksana nganti nganti adicara

slametan kasebut, kang bebrayane ora bisa ucul saka anane tumindak (*interaksi*) sosial kanggo mujudake adicara kasebut.

Tradhisi slametan kasebut minangka tumidak budayane masyarakat kang magepokan klawan *animisme* lan *dinamisme*, ananging kanyatane ing desa Nglebeng ana adicara slametan kang katindakake ing sasi Sura tanggal sepisan. Senajan meh kabeh bebrayan ing desa Nglebeng nganut agama Islam, ananging tradhisi slametan kasebut isih katindakake nganti jaman kang sarwa modern iki. Bab iki nuduhake yen kapercayane bebrayan desa Nglebeng marang mitos isih gedhe banget. Bebrayan desa Nglebeng percaya, adicara slametan kasebut bisa ngadohake bebrayan ing desa Nglebeng saka bebaya, murih katentreman, lan nduweni asil bumi kang nyukupi saka pakaryane kang akeh-akehe minangka jurakan.

Saka andharan kasebut bisa ditemokake anane fungsi manifest uga fungsi laten. Fungsi manifest saka sistem sosial kang lumantar anane adicara slametan kasebut yaiku para jurakan adoh saka bebaya nalika njaring, banjur fungsi latene yaiku bisa mujudake suwasana guyub rukun antarane bebrayan siji lan liyane.

3. Sistem Ekonomi

Sistem ekonomi yaiku salah sijine piranti nggolek pangupa jiwa supaya nyukupi sakabehing kabutuwan uripe manungsa. Magepokan karo bab kasebut, dimangerteni yen amrih nyukupi sakabehe kabutuwan urip, manungsa kudu makarya. Pakaryan sajroning urip bebrayan iku maneka warna wujud. Kang wigati pungkasan pakaryan mau bisa dadi pangupa jiwa. Jalaran ekonomi lan pangan minangka dhasar saka panguripaning manungsa ing alam donya.

Adhedhasar andharan sadurunge, kudu dimangerteni ing desa Nglebeng akeh-akehe sing didadekake sarana pangupajiwa yaiku kanthi cara dadi jurakan (nelayan), amarga asile luwih njanjekake tinimbang asil saka olah tetanen. Sesambungan klawan mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul bisa diarani yen tuwuhe mitos kasebut merga anane sesambungan klawan ekonomine bebrayan desa Nglebeng. Miturut crita pancen wis kawit biyene bebrayan desa Nglebeng dadi jurakan. Bisa diarani yen mitos kuwi tuwuh merga anane tumindak *politisasi* saka bebrayan desa Nglebeng supaya ora ana kang wani melu cawe-cawe njaring ing segara Konang desa Nglebeng. Kaya dene asil wawancara saka Mas Imam Asrofi kang ngandharake,

“Menurutku, ya merga saka mbah-mbahane wong kene biyen ki uripe saliyanane tani ya golek asil saka segara. Terus, nek upama wong-wong saka desa liya akeh sing padha ngepeki iwak neng Konang, lak akhire isa pengaruh neng ekonomine wong desa kene. Mangkane kanggo nyiasati terus dienekeke larangan-larangan sing enek hubungane karo Nyi Rara Kidul ben akeh sing wedi mara neng segara. Nyatane ki sing kawit biyen wani njaring akeh-akehe ya mik wong Nglebeng karo wong Joketro. Kaya neng Pelang kae lak lagi pirang ndina le wani njaring?”

Ngono wae sing dadi mandhore lak ya wong Nglebeng kene.”

Miturut asil wawancara ing ndhuwur bisa dimangerteni mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kuwi nyengkuyung pangupajiwane bebrayan desa Nglebeng. Nanging, daya saka mitos kasebut bisa njalari curesa crita ngenani riwayat Nyi Rara Kidul kang kudune bisa tambah moncer, amarga Nyi Rara Kidul minangka paraga kang wis kagolong misuwur ing bumi Jawa. Crita sejarah ngenani Nyi Rara Kidul kang ana ing desa Nglebeng, kudune ya bisa didadekake bandhingan klawan crita kang ana ing wewengkon liya kang akeh banget diunggahake ing *internet*. Beda klawan Crita kang ana Ngayogyakarta, ing wewengkon pesisir segara Nglip dicritakake yen ing mula bukane Nyi Rara Kidul minangka Putrine Raja Munding Wangi kang jenenge Kadita. Dicritakake yen Raja Munding Wangi ora nduweni putra kang bisa nyulih dadi Raja. Raja Munding Wangi nggarwa Dewi Mutiara banjur nduweni putra. Dewi Mutiara nduweni pepinginan supaya Kadita ditundhung saka Kraton, ananging Raja Munding wangi ora ngestoni. Sawijining dina Dewi Mutiara nekakake dhukun tenung kang akhire ndadekake Kadita lara gaten banjur dadi brenyih. Raja Munding wangi sujana yen kang gawe lara putrine yaiku Dewi Mutiara, ananging Raja ora bisa mbuktekake. Cekake crita, Kadita ditundhung saka kraton amarga bisa dadi wadine Kraton, banjur Kadita lelungan nganti pitung dina pitung wengi lan akhire teka ing Segara Kidul. Tumekane ing segara Kadita mung nyawang ambane segara nganti keprungu suwara kang ngongkon dheweke njegur ing Segara. Nalika Kadita njegur segara, Kadita pulih dadi wanodya kang ayu kaya sadurunge. Ora mung ngono, Kadita sigeg anggone nguwasani segara sak isine banjur ngedegake Kraton kang dipandhegani dhewe kang saiki disebut Ratu Segara Kidul

(http://su.wikipedia.org/wiki/Obrolan:Carita_Purnawijaya).

Crita sejarah lumrahe minangka kayane bebrayan ing sawijine panggonan, kang kudune uga dilestarekake supaya tetep bisa moncer senajan mung diarani crita kanthi cara lesan. Nanging, daya saka mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul kang ana ing Desa Nglebeng bisa nggawe bebrayan ora pengin weruh sejarah ngenani Nyi Rara Kidul kang ana ing desa Nglebeng merga Nyi Rara Kidul dianggep minangka paraga kang akeh ndadekake cilaka. Mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul kasebut akhire bisa ndadekake curesa crita sejarah merga saiki wwae wis akeh kang padha ora mangerteni.

Mitos ngenani sirikan marang Nyi Rara Kidul Pancen moncer banget ing wewengkon desa Nglebeng kang uga nyengkuyung Ekonomine bebrayan desa Nglebeng, amarga nganti saiki segara Konang amung dadi papan kanggo golek pangupajiwane jurakan ing desa Nglebeng. Mitos ngenani Nyi Rara Kidul ora mung ndayani tumrap bebrayan desa Nglebeng, nanging meh sakabehe desa ing Kecamatan Panggul akeh kang padha ngugemi. Dadi, bisa didudut yen sistem ekonomi

minangka struktur dhasar kang njalari tuwuhe mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul.

Sajrone sistem politik mitos kasebut bisa dimangerteni anane fungsi *manifest* lan *laten*. Fungsi *manifest* saka mitos kasebut yaiku nuduhake identitas bebrayan desa Nglebeng minangka jurakan (*nelayan*), lan minangka sarana kanggo nyukupi pangupajiwane para jurakan desa Nglebeng tanpa campur tangane wong-wong sanjabane desa Nglebeng. Banjur, fungsi *laten* yaiku kanggone warga cedhake segara kang bakulan panganan. Amerga, akeh bakul pasaran kang ngenteni mentase iwak jaringan biyasane ngenteni ing warung-warung sapinggire gisike segara.

4. Sistem Regulasi Sosial

Sistem regulasi utawa pranatan sosial nduweni teges sakabehing legenda utawa mitos nduweni satuan minangka jalaran lan uga ana satuan minangka leluwar. Satuan-satuan kasebut kaanggep lumrah, mula saka iku katon karakter *sepesifik* sing asipat rangkeplanalamiah. Kabeh mau nduweni teges yen sakabehe titah klawan alam iku nduweni gegayutan *timbang-balik*. Mula saka iku bakal tuwuh mediator-mediator ing tataran sepisan, kapindho, katelu, lansabanjure. Tegese sakabehing tembung nuwuhake oposisi lan korelasi sing tuwuh ing poros horizontal. Semono uga mitos, sajrone mitos uga ana oposisi lan korelasi kang tuwuh klawan kahanan lan kasunyatan mitos.

Sarana kang dianggo dening bebrayan desa Nglebeng kanggo nolak bala anane kacilakan kang ora dikarepake yaiku nganakake slametan ing gisike segara Konang, minangka papan kang dianggep punjer anane mitos lan ora liya yaiku segara kang dijaringi dening para jurakan. Akeh-akehe wong desa Nglebeng ngarani Nyi Rara Kidul nganggo jeneng Ratu Kidul lan Wong Kidul, kang uga ora dunung kepriye jalarane. Ngancik saka cara kanggo nolak bala, ana panggon-panggon kang dipercaya isih ana sesambungane klawan Nyi Rara Kidul, ing antarane (1) Trowelo, (2) Watu Kebo, (3) Kentheng Ceme, (4) Watu Lawang, lan (5) Kali Pancer.

Trowelo dipercaya minangka papan kang digawe mertapa Putri Ponorogo sadurunge dadi Nyi Rara Kidul nalika sawise ngupaya anggone meguru ing Majapahit. Banjur, ing Trowelo uga minangka panggon disabdane Putri Ponorogo dening Bupati Ponorogo. Panggonane kurang luwis wetara 15 km saka desa Nglebeng.

Watu Kebo, yaiku perengan sak lore segara kang dipercaya dadi papan anggone Nyi Rara Kidul Nyebar cengkaruk kang malih wujud dadi iwak-iwak kang ana ing segara. Dipercaya uga dadi papan dununge Jurang Glawah minangka prajurit saka kidul.

Kentheng ceme, dipercaya minangka papan dununge ingon-ingone Nyi Rara Kidul kang arane Kebo Ndanu. Ing Kentheng Ceme pancen ana gambar kang meh padha tapak kebo lan ambane tapak kira-kira rong meter, ananging saiki wis katutup tetuwuhan kang mrambat ing Kenthengan mau. Kentheng Ceme manggon kira-kira 10 km saka desa Nglebeng.

Watu Lawang, yaiku watu kang ngapit tembusane kali menyang segara Pelang. Watu Lawang dipercaya yen minangka dalan kang nyambungake marang Kratone Nyi Rara Kidul. Watu Lawang manggon wetara 11 km saka desa Nglebeng kang manggon ing desa Wonocooyo.

Kali Pancer, yaiku kali gedhe kang ili banyune tempuk karo segara Konang. Jeneng Pancer dipercaya minangka kakang sabegurone Nyi Rara Kidul nalika meguru ing wewengkon Majapahit. Kali Pancer iki dipercaya kanthi disimbolake minangka parewangane Hyang Pancer marang Nyi Rara Kidul.

Saliyane panggonan-panggonan kang ana sesambungane klawan Nyi Rara Kidul minangka simbolisasi, yaiku sawernane ubarampe saka adicara slametan kang dienkake saben Sura tanggal sepisan, kayata (1) bucing mas, (2) arang-arang kambing, lan (3) maskumambang.

Bucing mas, yaiku wujud bucing kang diracik dadi rong wilahan kanthi tatanan; tlemek yaiku dadar banjur ditumpangi sega punar, lan wilah kapindho uga ditlemeki dadar kang dadi pucuke yaiku ketan. Dipercaya minangka gegambaran kanggo mahkuthane Nyi Rara Kidul.

Arang-arang kambing yaiku cengkaruk (karang kang digoreng ing wingko) minangka sesilih saka tumindake Nyi Rara Kidul kang nyebar cengkaruk kang minangka pakane iwak ing segara.

Maskumambang yaiku cengkaruk kang dicelupake ing segara banjur dikepeli dipercaya dadi pakan saka iwak-iwak ing segara minangka dadi isen segara kang dipandhegani dening Nyi Rara Kidul.

Sakabehe wujud saka simbolisasi kasebut minangka sarana kang digunakake bebrayan desa Nglebeng kanggo netepi gawe supaya ora kena cilaka yen ngambah papan dununge Nyi Rara Kidul. Slametan kang dileksanakake dening bebrayan desa Nglebeng dikarepake minangka rasa sukur marang Gusti Kang Murbeng jagad, tulak wangsule marang Nyi Rara Kidul tumrap iwak-iwak kang dijaringi para jurakan, njaluk tambahe rejeki tumrap bebrayan desa Nglebeng, lan njaluk keslametan kang dijupuk saka cuplikane asil wawancara klawan Mbah Kanipan ing ngisor iki.

Sakjane iki ngono ya ditujokake kanggo wong-wong desa kene luwih-luwih sing makarya dadi tukang njaring, merga ya ora oleh mung sukur njaring, kabeh kudu enek sarengate. Sarengate ya kuwi saben Sura tanggal sepisan dienkake slametan nak. Slametan iki ditindake minangka ngalap berkah minangka ijole isene segara sing dijupuki warga kene karo minangka wujud rasa sukur kagem Gusti Allah lumantar Wong Kidul. Terus slametan iki ya kanggo njaluk tambah rejeki karo keslametane wong desa kene.

Anane slametan saben wulan Sura tanggal sepisan kang kalaksanan ing gisik segara Konang iki dianggep minangka sarana tolak bala lan minangka tulak angsole marang pandhegane segara kidul. Bab iki bisa

kabukten yen sirikan mau uga bisa wwae dilakoni. Kaya kang diandharake dening Pak Sukarji ing ngisor iki minangka wong kang pakaryane minangka jurakan.

Ya kuwatir mas, nanging ya ditatagne, merga saben taun pas tanggal 1 Sura neng segara kuwi dienkake slametan.

Saka cuplikan dhata ing kasebut, bisa mbuktekake yen ing antarane panguripane manungsa lan kahanan alam nduweni gegayutan timbal balik. Mula saka iku bakal nuwuhake *oposisi lankorelasi* yaiku antaraning manungsa lan alam.

Slametan kang kalaksanan kasebut minangka sistem regulasi sosial kang nuwuhake anane upaya kanggo nanggulangi anane walat kang bisa ditampa yen nerak Sirikan. Sakabehe ubarampe kang dicepakake wayah adicara slametan uga minangka bab kang ora bisa disulahi dening liyane, tuladhane yaiku wedhus kendhit kang minangka larungane ya ora bisa diganti wedhus liyane, buceng mas minangka *simbolisasi* saka mahkuthane Nyi Rara Kidul uga ora bisa disulahi dening buceng-buceng liyane. Papan panggonan dianakake slametan uga ora bisa disulahi dening panggonan liya, kawit biyen tekan saiki kang dadi papan adicarane ya ing gisik segara Konang minangka punjere mitos kang ana ing desa Nglebeng.

Andharan sadurunge ngemu bab sarana nanggulangi anane kacilakan saka nerak sirikan kang ana ing desa Nglebeng, kanthi cara dianakake slametan minangka bukti kang nyata yen ta anane ada-ada nyirik marang Nyi Rara Kidul kuwi ora mutlak kabenerane, nyatane para jurakan ora nate nemahi cilaka. Anane slametan kasebut sithik akeh bisa menahi kawruh yen duwe sesambungan kang apik klawan sapa wwae makhluk Gusti Kang Murbeng Jagad ya ora bakal kena cilaka. Dadi, bisa didudut yen kanthi anane slametan ing wulan Sura tanggal sepisan kanthi ora langsung ya mujudake anane rasa ora sarujuk marang anane mitos sirikan kasebut lan uga ngemu fungsi manifest lan laten. Fungsi manifest kang ana ing adicara slametan iki yaiku bisa didadekake sarana nolak bala tumrap kacilakan lan njaluk tambahe rejeki. Fungsi laten kang ana ing adicara slametan yaiku ngraketake sesambungan bebrayan ing desa nglebeng kang melu slametan. Dadi oposisi biner kang ana ing pamikire bebrayan kang ngleksanakake slametan minangka pasangan kang lelawanan kasil mbalikake kahanan marang pamikiring bebrayan panyengkuyung mitos kasebut.

5. Sistem Resepsi Kritis

Sistem resepsi kritis iki minangka upaya kanggo ndandani amrih balik kaya sakawit. Carane kanthi mangerteni tetenger-tetenger saka bebrayan panyengkuyung mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng, dimangerteni yena *audien* utawa bebrayan minangka pangripta aktif kang ana gayutane klawan teks ing lapangan. Balik marang crita kang diwujudake mung sarana lesan ora kok merga basane, ananging kepriye

anggone nggawe kang dicritani percaya marang apa kang wis dicritakake, amarga saka cara nyritakake nduweni daya kang gedhe banget kanggo nuwuhake rasa percayane wong kang dicritani. Banjur, merang versi-versi kang dianggep luwih nduweni daya saka mitos, kang pungkasan bisa nuwuhake tatanan rong dimensi. Tegese, bebrayandes Nglebeng minangka bebrayan panyengkuyung mitos kasebut mula nganti tuwuh perkara lan kedadeyan-kedadeyan kang ora dikarepake, nanging bebrayandes Nglebeng dhewe kang nuwuhake cara kanggonandangisakabehing perkara sajroning Mitos Sirikan Marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng.

Kaya kang wis kabukten saka dhata asile wawancara kang kabeh ngandharake yen asal-usul saka mitos sirikan kasebut minangka bab kang sipate *anonim* lan dimangerteni yen mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul wis ana kawit jamane mbah buyut biyen, kang akhiré diturunake kanthi lesan marang sanak, kadang, lan wong liya kang wis dikenal nganti tumekane saiki. Bab mau kabukten ing pethikan saka asil wawancara ing ngisor iki.

Wah, nek kuwi aku ya ora njawa le, wong wiwit aku cilik ngono ya wis enek kok le. (Isnawan 17 Juni 2012))

Nek aku dhewe ya ora ngerti wong ngertiku ya saka wong tuwaku karo dulur-dulurku lho mas. Nek jarene wong-wong kuwi wis enek kawit wong-wong biyen..... (Imam, 17 Juni 2012)

Saka rong pethikan ing ndhuwur katon, kapercayan marang mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng iki kasusun marang sawijine tetembungan kang nduweni daya pangaribawa marang kapercayaning bebrayan panyengkuyung. Tembung “wong-wong biyen” kasebut minangka struktur jalaran ora kena dipesthekake sapa kang nuwuhake lan kapan mula bukane mitos kasebut. Struktur yaiku kosok balen saka individu, yen individu bisa katunjuk marang salah sijining pawongan nanging yen struktur ora kena ditujokake marang sapa kanthi trep.

Mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul ngrembaka manut kapercayane bebrayan panyengkuyung mitos kasebut kang mesthi nguri-nguri anane mitos amarga anane kacilakan kang bisa ditampa yen nerak sirikan kasebut. Daya pangaribawa saka mitos kasebut disengkuyung klawan annane tembung “wong-wong biyen” minangka wong kang dianggep luwih ngerti kaanan ing wektu kapungkur kang saiki dadi mitos mungguhe generasi peneruse.

Sabanjure, bebrayandes Nglebeng kang ora sarujuk klawan anane mitos percaya yen Nyi Rara Kidul ora bakal menahi kasengsaran marang bebrayan desa nglebeng kanthi anane sarat. Warga desa Nglebeng saben taun ing wulan Sura tanggal sepisan kudu nganakake sawijining upacara larungan kang diarani slametan dening bebrayan desa Nglebeng kang diajab bisa antuk idi pangestu saka kan mbaureksa ing segara kidul yaiku

Prabu Nyi Rara Kidul. Kaya dene kang kapethik saka asile wawancara ing ngisor iki.

Sarengate ya kuwi saben Sura tanggal sepisan dienkake slametan nak. Slametan iki ditindake minangka ngalap berkah minangka ijole isene segara sing dijupuki warga kene karo minangka wujud rasa sukur kagem Gusti Allah lumantar Wong Kidul. Terus slametan iki ya kanggo njaluk tambah rejeki karo keslametane wong desa kene. (Hariyanto, 17 Juni 2012)

Bab kasebut kaya dene mitos kang wis ana, banjur usahane manungsa kanggo ngrampungake prekara sajroning mitos iki padha-padha asil pamikir kang idealis. Bisa diarani yen mitos lan cara ngadhepi mitos kasebut hakekate padha-padha bisa nuwuhake mitos kang anyar. Horkheimer (jroning Suseno, 1981:125) ngandharake sajrone mitos mesthi ngandhut *the idea of activity*, yaiku mbalekake utawa *representasi* marang Ilahi. Sajrone upaya manungsa kang rasional uga ana *representasi*, yaiku daya guna marang panggulawenthah. Horkheimer nuduhake *representasi* ngemu pangerten minangka bab kang rasional, ananging daya guna kang dimaksud yaiku mitos.

Dadi, senajan yen dipikir prekara kasebut ora kena dinalar, nanging kanyatane bebrayandesa Nglebeng percaya kanthi slametan ing gisik segara Konangkaya dene jurakan kang njaring ing segara lan nganti jegur segara ya ora nate cilaka. Bab kasebut nuduhake yen slametan kang dienkake ing sasi Sura tanggal sepisan kang dileksanakake ing gisik Konang bisa diarani minangka upayane wong desa Nglebeng kanggo ngaduhake awake saka walat kang ditampa saka tumindak nerak sirikan mitos marang Nyi Rara Kidul. Sakliyane kanggo ngupadi idi pangestu, kabeh mau ditindakake kanggo nyuwun keslametan bebrayandesa Nglebeng marang Gusti Allah. Amarga, ana kang percaya, yen slametan kuwi ora kelaksanan bisa ndadekake cupet sandhang pangane wong desa Nglebeng.

6. Sistem Proyeksi

Sistem proyeksi minangka upaya kanggo njlentrehake piguna-piguna asli kang dipercaya minangka piguna utama. Struktur iki diupamakake klompok-klompok *not tartamtu* diambali kanthi *interval-interval*, kanthi cara kang padha utawa *parsial* lan *kontur-kontur* sing mengko nuwuhake *analogi-analogi*. Sabanjure *kontur-kontur* iku ora perlu dipadhakake minangka sawijining kesatuan. Dhasar kapapat iki gegayutan karo pamantha-mantha dhata sing bisa dirasakake kanthi panca driya. Miturut Cushing (sajrone Levi-Strauss, 2007: 305) yaiku minangka owah-owahan saka ruang lan wektu, banjur *formula* pungkasan (*triad*) mbalekake maneh ing panggane sadurunge.

Bebrayan ing desa Nglebeng minangka bebrayan kang *mayoritas* nganut agama Islam, ananging kagolong minangka bebrayan kang nduweni mitos lan meh kabeh ngugemi mitos kang cundhuk klawan tumindak *animisme*. Kaya kang wis dimangerteni, bebrayan desa

Nglebeng ngugemi anane mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul banjur uga nduweni sarana tolak balane mitos kasebut kanthi nganakake slametan saben sasi Sura tanggal sepisan kang dileksanakake ing gisik Segara Konang. Mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul kasebut ora mung katindakake mligine bebrayan desa Nglebeng, ananging sakabehe wong kang wani nerak sirikan kasebut bakale bisa kena walat. Bab kasebut kabukten kaya asil wawancara saka Mbah Kanipan ing ngisor iki.

“Sinten mawon Kung ingkang saget nemahi kacilakan upami nerak awisan-awisan menika?”

“Sapa-sapa wae sing mawali lan lancang neng Wong Kidul, luwih-luwih yen ngembah banyu segara isa-isa temu pengapesane. Apa maneh kok meksa njegur ning segara tanpa nggatekne omongane wong sing luwih ngerti isa kalab, nek kalab biasane ya bablas mati lo nak. Kadhang mayite ora ditemokake lan isa ditemokake, ananging mayite ya wis bosok.”(Kanipan, 17 Juni 2012)

Andharan kasebut nuduhake yen ta masiya pawongan saka wewengkon liya uga bisa kena walat yen nerak sirikan, mula sumebare mitos ing desa Nglebeng ya ora mung mandheg ana sakupenge desa, ananging yen ta ana kang duwe sanak kadang kang manggon ing saba paran uga dicritani babagan mitos sirikan kasebut supaya ora sembrono yen saba ing segara Kidul. Punjer mitose yaiku segara Konang kang manggon ing desa Nglebeng, dadi bisa diarani bebrayan desa Nglebeng minangka bebrayan kang miwiti anane mitos banjur uga bebrayan kang nduweni sarana sengkala marang mitos kasebut.

Mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul dikuwatake dening para tokoh agama kang ana ing desa Nglebeng. amarga Nyi Rara Kidul dipercaya minangka makhluk kang bisa nyeret manungsa marang tumindak ala. Kaya dene kang didhawuhake Pak Isnawan ing ngisor iki.

Ya ora beda karo dhemit sing bisa menehi pesugihan, sing isa digawe njaga awake ben ora kenek mala merga jarene dilindungi karo Rara Kidul. Hla ngono kuwi apa ora malah mbubrahi agama ta le?(Isnawan, 17 Juni 2012)

Andharan kasebut sithik akeh wis nuduhake yen Nyi Rara Kidul minangka paraga kang bisa nggawa marang tumindak kang kagolong dosa gedhe mungguhe agama. Akeh-akehe wong kang ngerteni bab kaya nganggep yen pesugihan, keslametan, lan ngundhang wadya bala ghoib kasebut Nyi Rara Kidul kang mingini. Ananging, yen ta dilanar, sapa-sapa wwae kang nglakoni tumindak kaya mangkono minangka upaya nuruti kang wis dadi karep saka awake dhewe, amarga sakabehe pakaryan yen ta ora duwe niat ngleksanakake ya bakale ora kelaksanan.

Sawijine tuladha kang uga bisa digawe referensi, yaiku kayata anane wong njaluk tambahe rejeki ing makam wektu ziyarah kubur wali lan ing papan kang dianggep wingit ngono minangka tumindak kang tuwuh

saka manungsane dhewe, kamangka wali sanga dipercaya minangka panyebar agama Islam, banjur piwulang agama kang disebarake dening wali mesthi wwae ora ngolehi anane tumindak kang bisa ndadekake syirik kayata njaluk tambah rejeki marang sapa wwae saliyan Gusti Allah.

Mula saka panguripan sabendinane manungsa tansah kaiket anane mitos. Upaya nuwuhake mitos lan upaya nuwuhake sengkalan mitos ngono padha-padha asil saka pikirane manungsa kang nduweni mitos kasebut. Horkheimer (jroning Suseno, 1981:125) ngandharake sajrone mitos mesthi ngandhut *the idea of activity*, yaiku mbalekake utawa *representasi* marang Ilahi. Sajrone upaya manungsa kang rasional uga ana *representasi*, yaiku daya guna marang panggulawenthah. Horkheimer nuduhake *representasi* ngemu pangerten minangka bab kang rasional, ananging daya guna kang dimaksud yaiku mitos.

Mitos pancen ora bakal ilang saka panguripan manungsa. Akeh banget mitos-mitos kang didadekake dening bebrayan minangka sawijining kapercayan, nganti-nganti ana kang percaya mitos ngluwihi percayane marang Gusti kang ngakarya jagad. Mitos marang Nyi Rara Kidul kang sakawit amung sadherma upaya politike para jurakan ing jaman kang wis kapungkur minangka sarana kanggo njaga wilayah para jurakan lan supaya wong kang saba ing segara minangka punjere mitos ora tumindak sembrono, pranyata ndadekake kapercayan kang bisa nggawe curesa crita sejarane Nyi Rara Kidul ing jaman saiki. Crita Sejarah Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng kudune bisa didadekake sarana panggulawenthah mungguhe kanggo para bebrayan *lokal* lan uga minangka crita kang bisa didadekake bandhingan klawan crita sejarah ngenani Nyi Rara Kidul ing wewengkon liya.

7. Sistem Relasi

Sistem relasi ing analisis struktural mitos yaiku minangka bab kang ngandharake ngenani sesambungan-sesambungan kang ana sajrone mitos. Ing jlentrehan struktural ngemu anane tuwuhe mitos-mitos kang isih sesambungan klawan Nyi Rara Kidul lan relasi-relasi kang maneka warna. Mitos-mitos kang ana sajrone mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul yaiku (1) Mitos ora oleh nganggo klambi ijo yen saba ing segara Konang, dipercaya dening bebrayan pangugeme yen werna ijo minangka agemane Nyi Rara Kidul. Bebrayan desa Nglebeng akeh kang percaya yen sapa wwae kang nganggo klambi ijo bisa nemahi kacilakan merga tumindake. (2) Mitos ora oleh njegur segara, dipercaya yen njegur ing segara minangka bab kang malati, amarga segara dianggep papan dununge Nyi Rara Kidul. Sapa wwae kang nerak sirikan kasebut bisa-bisa kalab kegawa ombak segara. (3) Mitos ora oleh ngucap ukara panantang marang isene segara, bab kasebut dipercaya dening bebrayan pangugeme minangka tumindak kang ora ngregani tumrap makhluk Gusti kang Murbeng Jagad.

Andharan sadurunge nuduhake anane mitos-mitos kang tuwuh kairing anane mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul. Sabanjure, relasi-relasi kang bisa ditemokake sajrone analisis struktural yaiku, (1) Relasi antarane manungsa lan makhluk ghoib, yaiku bebrayan Nglebeng kang nganggep Nyi Rara Kidul minangka pandhega ing wewengkon pesisir kidul. Relasi kang dimaksud yaiku anane tumindak tulak angsul antarane bebrayan desa Nglebeng mligine jurakan lan Nyi Rara Kidul kanthi sarana slametan; (2) Relasi antarane manungsa lan alam, yaiku kabukten saka pakaryane bebrayan desa Nglebeng kang mayoritas dadi jurakan. Segara minangka papan pangujiwane kanggo nyukupi sandhang pangane, lan (3) Relasi-relasi klawan mangsa, yaiku minangka tetengere para Jurakan, kang digunakake kanggo nggoleki wektu kang tepak anggone njaring. Senajan sabendinane njaring, ananging para jurakan biyasane nduwe ancer-ancer wektu kanggo ngerteni musimane iwak-iwak, kaya kang diandharake dening Pak Hariyanto yen wayahe njaring yaiku wayah ora sepi iwak, malah nek pas wulan juli nganti agustus sengkut minangka musime iwak tongkol tambah nyengkutake para jurakan anggone njaring, dene yen wayah padhang rembulan minangka tengere yen iwak arang kang metu.

Bab relasi-relasi kasebut nuduhake yen manungsa mesthi nduweni sesambungan-sesambungan sajrone panguripane. Ing analisis struktural ngenani mitos nyirik marang Nyi Rara Kidul kasebut diajab supaya bisa njlentrehake anane mitos-mitos liya kang isih ana sambung rapete klawan Nyi Rara Kidul lan relasi-relasi klawan bab apa wwae kang ana sajrone analisis struktural.

PANUTUP

A. Dudutan

Panliten ngenani Mitos Nyi Rara Kidul kang dianalisis kanthi tintingan strukturalisme iki wiskasil njlentrehake struktur mitos kang didadi kapercayani ngmasyarakat ing desa Nglebeng Kecamatan Panggul Kabupaten Trenggalek. Dudutan kang bisa kajupuk saka asile panliten yaiku:

1. Andharan dhata saka Panliten

Ragam mitos, yaiku jinis-jinise mitos kang tuwuh saka anane mitos kang sadurunge. Kaya ing desa Nglebeng sajrone mitos Nyi Rara Kidul tuwuh pirang-pirangane mitos kang isih ana sambung rapete klawan Nyi Rara Kidul. Mitos ngenani Nyi Rara Kidul kang ana ing desa Nglebeng bisa diarani nuwuhake sawernane mitos kang isih sesambungan klawan Nyi Rara Kidul. Nyi Rara Kidul kang dipercaya minangka pandhega ing wewengkon segara Kidul jebul ora mung nuwuhake mitos tunggal, ananging nuwuhake maneka warna mitos. Mitos-mitos kang isih ana sambung rapete klawan mitos Nyi Rara Kidul yaiku, (1) mitos sirikan, (2) mitos ritual, lan (3) gugon tuhon.

2. Jlentrehan data asiling panliten kanthi tintingan Strukturalisme

Mitos-mitos kang wis sumebar ora dimangerteni sapa kang nuwuhake mitos kasebut, lan bisa diarani duwe sipat *anonim* kaya kang diandharake dening Anna ing tintingan kapustakan. Analisis strukturalisme Levi-Strauss nggoleki struktur-struktur kang beda-beda nganut mitos kang diteliti. Mula, analisis strukturalisme sajrone mitos sirikan marang Nyi Rara Kidul ing desa Nglebeng iki adhedhasar marang pitung wilahan teori struktural Levi-Strauss yaiku,

(1) sistem politik mitos, (2) sistem sosial mitos, (3) sistem ekonomi, (4) sistem regulasi sosial, (5) resepsi kritis, (6) sistem proyeksi, (7) sistem relasi

Bisa kadudutyan sajrone mitos Nyi Rara Kidul kang ngrembaka ing desa Nglebeng iki ana struktur minangka tatanan saka mitos. Mitos minangka asil pamikir saka pengalaman uripe manungsa sing ora sadhar wis ngugemi marang sawijine paugeran-paugeran tartamtu (*relasi-relasi* lan *oposisi-oposisi* sajroning alam). Mula saka iku, sawijine pamikiran sing durung karuwan pener orane wis kasil nuwuhake tatanan ing donyane.

B. Pamrayoga

Mitos pancen ora bakal ilang saka panguripan manungsa, mligine masyarakat Jawa kang banget anggone ngugemi mitos amarga masyarakat Jawa isih nengenake babagan kang isih kagolong tradisonal lan tansah kaiket adat. Akeh banget mitos-mitos kang didadekake dening masyarakat minangka sawijining kapercayan, nganti-nganti ana kang percaya mitos ngluwihi percayane marang Gusti kang ngakarya jagad. Kabeneran saka mitos-mitos pancen dadi bab kang sumudana lan angel banget dinalar lan diudhar. Minangka manungsa kang urip sesandhingan klawan mitos ora oleh percaya banget lan ora oleh ngremehake mitos. Kang wigati yaiku kapercayan kang abadi mung marang Gusti Allah SWT, Gusti Kang Murbeng Jagad. Manungsa mung bias duwe rencana, Allah kang nemtokake.

UNESA
Universitas Negeri Surabaya

KAPUSTAKAN

- Abu Sinn,Ahmad Ibrahim. 2006. Manajemen syariah: Sebuah Kajian Histories dan Kontemporer. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Ahimsa-Putra, Heddy Shri. 2006.Strukturalisme Levi-Strauss: Mitos dan Karya Sastra. Yogyakarta: Kepel Press.
- Al-Barry, M.D.Y. 2001.*Kamus Sosiologi Antropologi*. Surabaya: Indah.
- Moeliono, Anton M., *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, Jakarta: Balai Pustaka,1989
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktis*. Jakarta: RinekaCipta.
- Baal, J. Van. 1988. *Sejarah dan Pertumbuhan Teori Antropologi Budaya (Hingga Dekade 1970)*. Jakarta: Gramedia.
- Danandjaja, James.1991. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawaen: Sinkretrisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Narasi.
- _____ 2006. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala
- _____ 2007. *Mistik Kejawaen: Sinkretrisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Narasi.
- Furchan, Arief. 1992. *Pengantar Metode Penelitian Kualitatif*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Geertz, Cliffort. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Hutomo, SuripanSadi. 1991. *Mutiara Yang Tak Terlupakan, Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Hisky
- Ihromi, T.O. 1999. *Pokok-Pokok Antropologi Budaya*. Jakarta : Yayasan Obor Indonesia
- Kaplan, David. 2000. *Teori Budaya*. Yogyakarta: PustakaPelajar.
- Koentjaraningrat.1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Bahasa.
- _____ 1987. *Sejarah teori Antropologi I*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- _____ 1990. *PengantarIlmuAntropologi*. Jakarta: RinekaCipta.
- Kuper, Adam.1996.*Pokok dan Tokoh Antropologi*. Jakarta: Bhatara Niaga Media.
- Stout, W. F. (2002). Psychometrics: From Practice to Theory and Back (15 Years of Non parametric Multi dimensional IRT, DIF/Test Equity, and Skills DiagnosticAssessment). *Psychometrika*, 67(4), 485-518.
- Levi, Strauss Claude. 2007. *Antropologi Struktural*. Terjemahan. Yogyakarta: Kreasi Wacana.
- Lorens, Bagus. 1996. *Kamus Filsafat*. Jakarta: PT GramediaPustakaUtama.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Budaya*. Jakarta: Bumi Aksara
- Merton, Robert K. [1949] (1968) “Manifest and Laten Function”, in *Social Theory and Structure*, New York : Free Press
- Moloeng, Lexy J.2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Mulder, Nields. 1984. *Kepribadian Jawa dan Pembangunan Nasional*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nasir, Mohammad. 1988. *Metode Penelitian*. Jakarta: Graha Indonesia.
- Neuhauser,Peg C. 1994. *Legenda Manfaatnya Bagi Perusahaan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Peursen, Van. 1976. *Strategi Kebudayaan*. Yogyakarta:Yayasan Kanisius.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1997. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka
- Rafiek, M.2010. *Teori Sastra Kajian Teori dan Praktek*. Bandung: PT Rafika Aditama.

- Sindhunata.1981. *Dilema Usaha Manusia Rasional*. Jakarta : PT Gramedia Jakarta
- Sudikan, SetyaYuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Penerbit Citra Wahana.
- Sukatman. 2011. *Mitos Dalam Tradisi Lisan Indonesia*. Jember : CSS (Center for Society Studies)
- Surahmat, Winarno. 1989. Pengantar Penelitian, Dasar-dasar dan Teknik, Bandung : Tartito.
- Suseno. Franz Magnis 2001. Etika Jawa, Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijakan Hidup Jawa : Gramedia Pustaka Utama
- Sutrisno, Mudji. dkk. 2005. *Teori-Teori Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius.

